**दिन—गुरूवार** **दिनांक—04.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

नीति आयोग आइ सँ तीन मास धरि चलयवला सम्पूर्णता अभियान शुरू कयलक अछि। ई अभियान मे आकांक्षी जिला आओर आकांक्षी प्रखंड मे छओ संकेतक—स्वास्थ्य, पोषण, कृषि, जीविका आओर शिक्षा सँ जुड़ल परिपूर्णता प्राप्त करबाक लेल तीस सितम्बर धरि सदिखन प्रयास कयल जायत। एहि कार्यक्रम मे देशभरिक एक सय बारह जिला आओर पाँच सय प्रखंड मे छओ चिन्हित संकेतक आधार पर परिपूर्णता प्राप्त करबाक लक्ष्य अछि। ई कार्यक्रम मे आबयवला जिला आओर प्रखंड मे तीन मासक कार्य योजना चलाओल जायत आ हरेक क्षेत्र मे परिपूर्णता कतेक आगूं बढल के निगरानी कयल जायत आओर संगहि जारूकता बढ़ाओल जायत। संगहि, आओर अभियानक अनुसार आहार—व्यवहार मे बदलि करय पर नजरि राखल जायत। बिहार मे तेरह आकांक्षी जिला आओर एकसठि आकाक्षी प्रखंड मे सम्पूर्णता अभियान शुरू कयल गेल अछि। वैशाली जिलाक लालगंज मे सम्पूर्णता अभियान कार्यक्रम मे नीति आयोगक संयुक्त निदेशक एस.एम खान जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक जनतब पर आकांक्षी जिला आओर प्रखंड मे ई काज शुरू कयल गेल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नव दिल्ली मे अपन आवास पर टी—ट्वेंटी विश्व कप विजेता किक्रेट टीम सँ भेट—घाट कयलनि। एहि बिच कप्तान रोहित शर्मा, कोच राहुल द्रविड़, विराट कोहली, हार्दिक पाण्ड्या, सूर्य कुमार यादव आओर जसप्रीत बुमराह सहित कतेको खेलाड़ी सभ छलाह। खेलाड़ी सभ प्रधानमंत्री सँ अपन अनुभव साझा कयलनि।

---

प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे मॉनसूनक सक्रियता सँ बारिश भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बिच वैशाली जिलाक लालगंज मे सभ सँ बेसी पंचानवें दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। ओतहि, नालंदाक रहुई मे सत्तासी दशमलव दू आओर राजगीर मे पचहत्तरि

दशमलव चारि मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, किशनगंज आओर मधेपुरा जिला मे किछु ठाम बेसी भारी बारिश भऽ सकैत अछि। एहि के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। ओतहि, शिवहर, सीतामढ़ी, मधुबनी, सुपौल आओर अररिया जिला मे किछु ठाम भारी बारिश के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————

नेपालक तराई क्षेत्र मे भऽ रहल भारी बारिशक कारण राज्य सँ भऽकऽ जायवला नदीक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार बागमती नदी बेनीबाद मे खतराक निशान सँ अट्ठाईस सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। ओतहि, कोसी नदीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा मे लाल निशान सँ चौतीस सेन्टीमीटर बेसी बनल अछि। नदीक जलस्तर सुपौलक बसुआ मे खतराक निशानक लऽग–पास आबि गेल अछि। एम्हर, महानन्दा नदीक जलस्तर पूर्णियांक ढेंगराघाट मे लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। कटिहारक झावा मे नदीक जलस्तर चेतावनिक स्तर के पार कऽ गेल अछि। परमान नदी अररिया मे लाल निशान सँ सतरह सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि।

———————————————————————————

नदीक जलस्तर बढला सँ प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे बाढ़ि आबि गेल अछि। कोसी नदीक पानि किशनपुर प्रखंडक मौजहा पंचायत मे आबि गेल अछि। जाहि सँ कतेको लोकसभक घर खसि पड़ल छनि। ढोली, बनैनिया, लौकहा आओर भपटियाही पंचायतक कतेको गाम मे कोसी नदीक पानि पसरि रहल अछि। दरभंगा जिलाक गौड़ाबौराम प्रखंड मे कमला बलान नदीक पानि कतेको गाम मे पसरि गेल अछि। कतेको ठाम सड़क–बाट पर पानि आबि गेला सँ आवाजाही नाउ सँ कयल जा रहल अछि। किसान सभक खेरही आओर धानक फसलि पानि मे डूबि गेल अछि। कटिहार मे महानन्दा नदीक जलस्तर बढला सँ अमदाबाद प्रखंड सभ सँ बेसी तबाह अछि।

———————————————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक मधुबनी प्रखंडक तमकुहवा गाम मे बनल पुलिया आओर एप्रोच रोड ध्वस्त भऽ गेल। छओ मास पहिने छओ लाख टाकाक लागत सँ ई पुल बनल छल। प्रखंड विकास पदाधिकारी जनौलनि जे पुल खसलाक कारणक जाँच कराओल जायत।

---

बिहार मे बेर–बेर पुल खसबाक घटना के लऽकऽ एक जनहित याचिका दायर कयल गेल अछि। याचिका मे जनाओल गेल अछि जे पछिला दू वर्ष मे बिहार मे बारह पुल खसल अछि। याचिकाकर्ता राज्य मे बनल सभ पुलक संरचनाक जाँच करेबाक मांग कयलनि अछि।

---

नीट पेपर लीक मामिला मे पटनाक सी वी आइ अदालत चारि आरोपिक रिमांड, चारि दिन लेल बढ़ा देलक अछि। आइ सी वी आइ रिमांड अवधि समाप्त भेलाक बाद सभ आठ आरोपिक अदालत मे पेश कयलक। जांच एजेंसी चारि आरोपिक रिमांड अवधि बढेबाक आग्रह कयलक जाहि के अदालत स्वीकार कऽ लेलक। एम्हर, धनवाद सँ गिरफ्तार एक आन आरोपी अमन सिंह के अदालत मे पेश कयल गेल। सी.बी.आइ अमन सिंह के चारि दिनक रिमांड पर लेलक अछि।

---

मधुबनी जिलाक भैरव स्थान थानाक झौआ गाम मे आम तोरबाक झंझट मे माई–बेटाक हत्या कऽ देल गेल। पुलिस ई मामिला मे एक आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

समाप्त